



Lekòl Piblik Boston (BPS)

Enplemantasyon BPS

30 out, 2023

Francesse Canty, Chèf Kapital Imen (Resous Imen)
Jeremiah Hasson, Direktè Relasyon Travay

Rekòmandasyon ak Divès Etap Aksyon BPS yo

Rekòmandasyon Rapò a : *Etabli, enplemante e pibliye divès kritè pou detèmine konje administratif peye yo*

Plan Daksyon BPS la

- Revize Sikilè Sipèentandan an konsènan Dispilin anvè Anplwaye pou defini « Konje Administratif » aklè.
- Biwo Relasyon Travay la (Office of Labor Relations, OLR) ap notifye sendika Lekòl Piblik Boston yo sou divès chanjman e satisfè tout obligasyon ki konsène tout negosyasyon, infwa revizyon yo fin fèt.
- Biwo Kapital Imen an (OHC) ap distribye sikilè revize a bay tout manm pèsonèl.

Rekòmandasyon ak Divès Etap Aksyon BPS yo

Rekòmandasyon Rapò a : *Etabli yon mekanis pou suiv pwosesis ankèt BPS la pou plent kont movèz konduit nan yon fason konstan*

Plan Daksyon BPS la

- Biwo Kapital Imen (OHC) ak Biwo Relasyon Travay (OLR) ap egzamine sistèm suivi aktyèl la pou fè kèk amelyorasyon teknik pou analize e rekipere done yo.
- OHC ap voye divès mizajou regilyèman bay lidè lekòl yo ak chèf depatman yo pou asire ke nou rapòte e suiv tout ankèt anplwaye.

Rekòmandasyon ak Divès Etap Aksyon BPS yo

Rekòmandasyon Rapò a : *Etabli yon pwotokòl pou divès odit peryodik divès pwosesis disiplinè Lekòl Piblik Boston pou idantifye e reponn a divès tandans ak abitud pwoblematik potansyèl.*

Enplemantasyon Biwo Kapital Imen an :

- Biwo Imen Kapital la (OHC) ak Biwo Relasyon Travay la (OLR) ap egzamine done rapòte anrapò yo de (2) fwa pa lane pou idantifye divès tandans ak tout domèn enkyetid.